ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№213 (21.121) ● 2007 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 1, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Президентым и фонд

И дэІэпыкъунытъэр сабийхэми балигъхэми ялъоІэс

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен пешэ езым и щхьэкІэ и фондым къыхэкІыу республикэм и цІыхухэм дэІэпыкъунытъэ ятыным.

ЗЭРЫХАБЗЭУ, апхуэдэ дэІэпыкъунытъэр ярет социальнэ унэтІынытъэ зиІэ бюджет организацэхэм, апхуэдэуи социальнэ Іуэхугъуэхэм я лъэныкъуэкІэ нэхъ хуэмыщІа нкІи щытыкІэ гугъуэм кьыхута цІыхухэм. Къэбгъэпытапхъуэмэ, республикэм щыщу районищым - Шэрэджым, Тэрчым, Бахъсэным - ахъшэ яхуигъэхьащ компьютерхэр къращэхун щхьэкІэ: тхурытху яІэрыхьэнущ Инарыкъуей, Къубэ-Тэбэ къуажэхэм дэт школхэм, зы - Балъкъэр Ипщэм щыщ цІыхухэм.

Нашлык кьалэм, Дзэпымкъуэ, Іуащхьэмахуэ, Аруан районхэм щыщ цІыхуипІым сом мин 20-м кьыщыщІэдзауэ минищэм нэсыху яритнущ я узынШагъэр иризэфІагъэувэжын, я псэупІэ Іуэхуэхэр иризэфІагъэкІын щхьэкІэ. Республикэ лъхуанІэ унэм щхьэкІэ кьалъхуагъащІэ сабийхэм зэреІэзэн Іэмэпсымэу сом мелуаным щІигъу и уасэ кьахуищэхуащ.

КЪБР-м и Президентым районхэр кьыщыззэкІуэхым пщэрылъ яхуищІа Іуэхугъуэхэр ирагъэззэщІэн папщІэ ахьшэ яхуинутІыпщащ Лэскэн районыр, Гуэл Щхьуантэхэр зэІуэзэпэщ щІыным - сом мелуанрэ ныкъуэрэ нэблагъэ.

Абы кІащынэмыщІауэ сом зы мелуан Іэрыхьэнущ КъБР-м и Лъэпкъ библиотекэм. Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым и фІэфІыныгъэкІэ Урысейм зэрыхьхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъуам и щІыхькІэ ягъэува саугъэт ахъшэхэр яІэрыхьащ шыгъажэхэм щытекІуахэсми. А Іуэхугъуэм трагъэкІуэдзну сом мелуанищэ мин 500-ри кьыхэкІащ КъБР-м и Президентым езым и щхьэкІэ и ахъшэм.

МЕЧИЕВ Асхъэт.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2007 гъэм и ялэ илъэс ныкъуэм гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2007 гъэм и ялэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуамкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствам и отчетым хэлпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэльагъуэ хэхъуэу яІэн хуеят сом меларди 6-рэ мелуан 569-рэ мин 982-р сом меларди 6-рэ мелуан 427-рэ мин 806-кІэ и процент 97,7-кІэ гъэзэщІа зэрыхъуар, абы щыщу финансдэІэпыкъунытъэр къэмыльытауэ хэхъуэхэмкІэ план сом зы меларди 9-рэ мелуан 495-рэ мин 4-р сом зы меларди 9-рэ мелуан 808-рэ мин 937-кІэ е процент 121-кІэ гъэзэщІа зэрыхъуар. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым планкІэ хэщІу иІэн хуеят сом меларди 6-рэ мелуан 737-рэ мин 28-м щыщу сом меларди 5-рэ мелуани 103-рэ мин 741-рэ иІащ е процент 75,8-рэ. Зэрыщыту кьапщтэмэ, отчет лъэхъэнэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа хьуащ сом зы меларди 324-рэ мин 65-рэкІэ щІигъу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралкІуэцІ щІыхуэу кьалщытэ зэманым и кІэм сом мелуан 819,1-рэ хуэзыуэ щытар гъэмащІэным сом мелуан 779,9-рэ хуэхащ. ИщхьэмкІэ кьыщыкъыІахэм ялкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

2007 гъэм и ялэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуамкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетыр кьэлытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ БЕЧЕЛОВ Ильяс .

Налшык къалэ
2007 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№1245-ІІ-ПІ

● ЩІэныгъэ

Бзэхэм я фестиваль

Бзэхэм я фестивалхэр ильэспщІым щІигъуауэ хамэ къэралхэм, УФ-м и къалэхэм щыщу куэд, кьрихьэлІэу щокІуэкІ. Мыбыхэм сытым дежи къоКІуалІэ бзэхэм я къэкІуэнум, абыхэм я хуитныгъэм тегуэвыхь щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэр. Бзэхэм я фестивалыр - ар лъэпкыбзэ, щэнхабзэ псори щызэхуэдэ, псалъэ зэныбжьэгъуныгъэм и махуэшхуэщ.

ХАБЗЭ ХЪУАУЭ, фестивалыр Мэзкъуу иджы етІуанэу щокІуэкІ. Абы и программэм хэтщ бзэ зэмылІэужьыгъуэхэм тепсэльыхьныр, лъэпкъ концертхэр кьэгъэлъэгъуэныр, бзэхэмкІэ зэпеуэныр, щыкУ гъэщІэгъуэнхэм захуэгъэзэныр. Лъэпкъышхуэхэм я бзэхэм кьадэкІуэу, фестивалым фІы дыдэу кьыщагъэльэгъуауэ адыгэбзэри. Абы кьрихьэлІакъэм я пащхьэ кьралъхьауэ ди бзэм нэхъ пэгъунэгъуэ кьалытэ абхьаз, абазэ бзэхэри. Къэгъэльэгъуэныгъэхэм щІамыдзэ щыкІэ, адыгэ фащэмрэ адыгэ кьафэмрэ и дахагъэм фестивалым кьеІуэлІаэхэр итхьэкъуат.

Псалъэ кьэхъукІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, синтаксисым и зэхэлъыкІэ гугъуэм, бзэм и морфологие щытыкІэхэм кьызэхэсхэм яхутепсэлъыхьащ Мэзкъуу адыгэбзэмкІэ щеэзыгъаджэ Сэхъу Мурат. Апхуэдэу и гугъу ящІащ лІэщІыгъуэ зыбжанэ кьызэщІэзыІуфыдэ адыгэ-абхьаз бзэхэм я тхыдэм, абыхэм я диалектхэмрэ ахэр зэгъэщІылІа щыпІэхэмрэ.

Нэхъ яфІэгъэщІэгъуэн хьуа бзэхэм ятеухуауэ нэхъыбэ кьэзыщІэну уеуІэхэм я пащхьэ презентацІ нэужьым, щагъэзэщІащ пасэрей адыгэ кьафэ. Кьэфакіуэхэм я зыхуэпэкІэр, я зекІуэлІэр зигу дэмыкьа пэшым кьыщІэнэжатэжьым. Кавказ бгъэжьэм я дахагъэмрэ уардагъэмрэ яхуэфащэу утыкум ита къэфакІуэхэм я гъусэу сурэт языныкьуэхэм зытрагъэхащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● КЪБР-м и Президентым и фонд

ЩІэпхъаджагъэ хьэлъэ

Самарэ областым щыІэ Тольятти къалэм террорист щІэпхъаджагъэ хьэлъэ щалэжьащ.

Мыбы кьыщагъэуащ къалэ узрамхэм щІыхьу кьыщезыгъэкІ автобусхэм ящыщ зы. Абы иралъхьа тротил килограмми 2 зи лъэщагъ бомбэм и къарур нэхъ ин ящІат гъущІ пыудахуэ кІэращІахэм. Щыхуи 8 хэкІуэдащ, щыху 40-м щІигъум дохутырхэр дэІэпыкъун хуей хьуащ. Зыкъомыр сымаджэщхэм щагъэгъуэлъхьащ.

Путин Владимир УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Приволжскэ округым щыІэ Коновалов Александр къалэм щищІащ хэкІуэдахэм я унагъуэхэмрэ фбэжь зыгъуэтахэмрэ ядэІэпыкьуну.

Къалэм лъэтащ Москва щыщ ІэщІагъэлІ гупышхуэ.

Пхъэидзэм кърикІуар

ХэхакІуэ комиссэ нэхъыщхьэм иубыхуащ бюллетеным иратхэну парт 11-р зэрырэкІэлъыкІуэну щІыкІэр.

Ятп номерыр пхъэидзэкІэ лыысащ Аграр партым. Абы кІэльокІуэ «Граждан къару» партыр, Демократие партыр, КПРФ-р. Ахэр арэзыщ пхъэидзэм кърикІуахэмкІэ. ЕпщІанэщ «Зыуэ щыт Урысейр». Абы и Политсоветым и секретарь Володин Вячеслав жиІащ «10-р» нэщанэ суатІэм, ику дыдэу зэращІытыр икІи ар «Зыуэ щыт Урысейм» и дежкІэ нэщнэфІу.

Тхум щыщу зы

Дыгъуасэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Зубков Виктор селекторкІэ кьыщыгащ къэралым и щІыналъэ 72-р щІымахуэм зэрыхуэхъэзыр щыкІэр.

Іуэхур мыщІагъуэу кьыщІэкІащ: ЖКХ-мрэ энергетикэмрэ я ІнатІэхэм мы мурадым папщІэ хуауІыпща сомі 5 кьэс хуэзэу иджыри кьэс кьагъэсэбэпар... зы сомщ. Псом хуэмыдэу щытыкІэр щызэкІэльымыкІуэщ КъуэкІыпІэ Жьжьэм. Премьер - министрым губернаторхэм кьалэн ящищІащ Іуэхур икІэщІыпІэкІэ ирагъэфІэкІуэжыну.

Тезыр тклийхэр

Испаниен пащтыкъ судым дыгъуасэ кьыщецэжащ 2004 гъэм гъатхэм и 11-м Мадрид къэкІэжьхьэкІагъэ щыгъуэ-жьаХмрэ ар кьызэгъыгъэщІыжахмрэ трагъэхьэ тезырхэм ятеухуа унафэм.

Кьуаншэу кьалытат щІыху 28-рэ. Прокуратурэхэм кьагъэуат абыхэм псори зэхэту илъэс мин 300-м нэстрагъэхьыну. Арщхьэкіэ Испаниен зыми илъэс 40-м щІигъу тезыру щытрагъэхьэ, я судыр укІкІэ щащІэ хъуркым. Судым щІыхуи 5-р хейуэ кьилъытащ, адрейхэм илъэси 3-м кьыщыщІэдзауэ 40-м нэс лъэхъуэщым исын хуейуэ тезыру трилъхьащ.

2004 гъэм а бзаджэнаджхэм ялэжьа террорист щІэпхъаджагъэм щІыхуи 191-м я гъащІэр ихьащ, щІыху 1900-м нэсым фэбжь хахащ.

(ИТАР-ТАСС)

НОБЭ

●Алжир Щыхубэ Демократие Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - Алжир революцІэм и махуэщ (1954).

● Илъэс 85-рэ ипэкІэ (1922) Тыркум и Лъэпкъ Зэхуэсыш-хуэм унафэ кьышащтащ сультІан пащтыкъыгъуэр щымыгъуЕжьынымтеухуауэ. СультІан Мехмед Екъэнр трагъэкІащ. 1923 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м Тыркур Республикэ хъуащ.

● Илъэси 10 ипэкІэ (`1997) лэжьэн щІидзащ «Культура» урысейпсо къэрал телевиденэ каналым.

● ЩэкІуэгъуэм и 1 - 6-хэм Делирэ М умбайрэ (Индие) щекІуэкІынущ урысыбзэм и тхьэмахуэ.

●ЩэкІуэгъуэм и 1 - 4-хэм Шиоуко къалэм (Японие) щекІуэкІынущ шей удыпфм и дунейпсо фестиваль.

●Илъэси 115-рэ ипэкІэ къалъхуащ урыс шахматист, дуней псом и епІанэ чемпион (1927-1935, 1937-1946) Алехин Александр (1892-1946). 1921 гъэм къыщыщІэдзауэ Франджым щыпсэуащ. Абы и закъуэщ чемпионыгъэ щІэр зэрихьэу дунейм ехыжар.

● 1947 гъэм къалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Шыгъущэ Хьэсэн**.

●Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 44-м, кьухъэжьынущ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 58-м.

●Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъэ 13-рэ.

ПІалэнэрэ дыгъэхъэныгъэр ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зэманыр фэзэхъуэкІщ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхьзох

Ныбжьэгъу пэж

Республикэм ди анэдгъльхуБзэмкІэ кьыщыдэкІ газет закъуэр илъэс куэд льандэрэ ди унагъэм кьохьэ. СызэригугъэмкІэ, ди лъэпкъым, республикэм и блэкІамрэ нобэмрэ, абы и къэкІуэнумрэ ІуэхущІафэхэмрэ «Адыгэ псалъэм» тэмэму кьыщыІуэта мэхъу, абы кьыхэкІыу ар адыгэ унагъуэ псоми ихьэу щытын хуейщ.

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭМ» и кьыдэкІыгъуэ кьэс итщ дыдэзыхьэх, тфІэгъэщІэгъуэн хьу тхыгъэхэр, ар политикэм е экономикэм теуХуа статьяхэр ирехьу е адыгэ хабзэм, нэмысым, лъэпкъ тхыдэм ехьэлІа тхыгъэхэру щрет. ТфІэгъэщІэгъуэнщ газетым и напкІуэцІ щхьэхуэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, «Махуэкур», «Ислъамыи и нуры», «Малъхъэдисыр», нэгъуэщІхэри. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри купщІафІэщ, акьылрэ гупсысэрэ зыхъэлщ, хьэлэмэтщ.

Редакцэм и лэжьакІуэхэм, «Адыгэ псалъэм» и тхьэмадэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд сымэ фІыщІэ яхудощІ апхуэдэ тхыгъэ гъэщІэгъуэнхэр зэрыт газет зэрытхуагъэхьэзым папщІэ.

ПщІэ кьыфхуэзыщІ фи щІэджыкІакІуэ
ЛУ Риммэ,
Налшык къалэ сымаджэщым и физиотерапие къудамэм и медсестра нэхъыжь.

● ФепІэщІэкІ

Іэ тедзэным и урысейпсо махуэхэр

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м щыщІэдзауэ щэкІуэгъуэм и 4 пщІондэ «Урысей пошт» ФГУП-м Іэ тедзэным и урысейпсо махуэхэр ирегъэкІуэкІ. А махуипщІым кьриубыдэу газетхэм, журналхэм, тхыльхэм Іэ тезыдзэхэм я Іуэхугъуэр ягу зэрырихьарщ, щІэджыкІакІуэхэм я бжьыгъэми зэрыхигъахьэрщ.

ЩэкІуэгъуэм и 6-м, Іэ тедзэным и урысейпсо махуэхэр щызэхуащІыжкІэ, нэгъуэщхь Іуэхугъуэхэр ирагъэкІуэкІынущ, махуипщІым кьриубыдэу «Адыгэ псалъэ» газетым Іэ тезыдза щІэджыкІакІуэ нэхъ жьыджэрхэм пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ федеральнэ Іуэхущ Іапіэм и кьудамэу КъБР-м щыІэм и унэу Щоджэнцыкіум и уэрамым тетым редакцэм и саугъэтхэр щратынущ.

Нобэ илъэс 90 мэхъу Ленин саугъэтым, СССР-м, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, балъкъэр усакІуэ щэджащэ Кулиев Къайсын къызэралъхурэ



Кулиев Къайсын и кьалэмыпэм кьыщІэкІащ гъащІэмрэ зэманымрэ я пэжыпІэкІэ гъэщІа усыгъэ тельыджэхэр - лъэпкъ, кьэрал гуэнашкъэхэм щхьэдэхри, дуней псом цэрыІуэ щыхьэщ ахэр, ди хэкум зэи кІащхьэ мыхьжьын пщІэрэ щІыхьрэ кьыхуахьащ. Къайсын и усыгъэхэр хабжэ ятІощІанэ лІэщІыгъуэм и дыщэ бжаблэр зыгъэбжьыфІэ ишынальэ тельыджэм.

УсакІуэщхуэм и гъащІэмрэ и гуащІэдэкІымрэ теухуа тхыгъэхэм фыкьыщеджэ ди газетым и етІуанэ, ещанэ напхэхэм.

Щапхъэрэ гъуазэрэ

Ухыгъэр кьыхуэупсэри, Къайсын зауэм и мафІэ лыгъэм кьелащ. КъыщІелар, сэ зэрыслытэмкІэ, ар ди кьэралым и усакІуэ нэхъ щэджащэ дыдэхэм ящыщ хъун хуейуэ и натІэ кьритхати аращ. Къайсын къэзыльхъар, и бжыгъэм тепщІыхьмэ, лъэпкъышхуэкъым. А лъэпкъыр Къайсын и усэм уардэ щІэхъукІащ.

Къайсын ижь зыщІимыхуа усакІуэ щыбгъуэтынукым ди кьэралым - ар щапхъэрэ гъуазэрэ тхуэхьащ псоми. Ди лъым хэльщ абы и усэ сатырхэр, дрогушхуэ апхуэдэ цІыху Іущым дызэригъэныбжьэгъуам.

АЙТМАТОВ Чингиз.

Гупсысэр ешэщІ

Къайсын и усэр гъэхуащ, и псальэр щІэщыгъуэщ, абы ущытезашэ кьэхъуркъым, ар дэнэ кьэна - узэщІеубыдэри, уи гупсысэр ешэщІ, уи гущІэм йотІысхьэ, уи лъыр зэрехуэ. Ар зыхуэзфІэкІынур усакІуэшхуэ дыдэрщ - и гур жанрэ набдзэгубдзаплъэу. Апхуэдэ усакІуэщ Къайсын, а фІыгъуэ псор кьыдальхуауэ.

ЛУКОНИН Михаил.

Къайсын сригъэблагъэри, Шэджэмыщхьэ сишауэ щытащ. СцІыху кьудейуэ арат ар абырэ щыгъуэ. УсакІуэм и кьуажэм дыщыхьэщІа нэужь, абырэ сэрэ ныбжьэгъу дыхэхуэхьащ. ШэджэмыщхьэІси нэгу щыщІэкІащ Къайсын пщІэшхуэ кьызэрыхуащІыр - езым нэхърэ кудкІэ нэхъыжь тхьэмадэ жьакІэхуэри кьечэнджэщырт абы, сабийхэри кьыщІэкІащ. А лъэпкъыр Къайсын и усэм уардэ щІэхъукІащ.

Къайсын ижь зыщІимыхуа усакІуэ щыбгъуэтынукым ди кьэралым - ар щапхъэрэ гъуазэрэ тхуэхьащ псоми. Ди лъым хэльщ абы и усэ сатырхэр, дрогушхуэ апхуэдэ цІыху Іущым дызэригъэныбжьэгъуам.

АЙТМАТОВ Чингиз.

Лъэпкъым папщІэ

кьепщІауэ, кьыбгъэдэтт: «Усэ кьыгъуеджэ!» - жари.

Лъэпкъым пщІэ зыхуищІ усакІуэм и насыпщ - Къайсын апхуэдэ усакІуэщ.

АНДРОНИКОВ Иракли.

МафІэ мыужьых

Лъэужь гуэр къэзымыпсанэ дунейм ехьжыркъым. Къайсын кьызэринэкІащ и цІэр игъащІэкІэ щІащымыгъупщэн фІыгъуэ - и усэр. Зэи ужьыхьжьнукым Къайсын и усэм хэль мафІэр - ар уахьтыншэщ, кІуэ пэтми нэхъ зэщІэпльэн фІэкІ, нэхъ кІащхъэ хъунукым. МафІэ хуэдэ щоблэ Къайсын и усэр щІэблэхэм я гущІэм - аращ ар щІэуахьтыншэр.

ЩОДЖЭНЦЫКІУ Іэдэм.

● Дыгъуасэ

Къэкіуэнум хуэунэтІа усыгъэхэр

«Іуащхьэмахуэ еджэныгъэхэр» зыІащэ еханэ зэхьхьэм хэту. ГъуазджэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым дыгъуасэ щекІуэкІащ «Кулиев Къайсын и творчествкэ щІэныгъэ-практикэ конференц. Ар теухуат бдлъхьэр усакІуэшхуэ Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ СКГИИ-м и ректор, профессор **Рахаев Анатолэ**. КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Бечелов Ильяс** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Кулиевым и ІэдакъэщэкІэхэр ди лъэпкъэнэгъэшхуэ зэрыщытыр. Ар апхуэдэу тепсэльыхьащ балъкъэр усакІуэщхуэм и махуэр гъэлъэпІэныр зэрекІуэкІыну щІыкІэр, усакІуэм и уна-мужей Шэджэм дэтым щекІуэкІ лэжьыгъэхэр мы махуэхэм ирихьэлІэу зэрызэфІагъэкІам, нэгъуэщхьэм.

Кулиевым и творчествэм убгъуауэ тепсэльыхьащ философие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Эфендиев Сэлиу.** Конференцым хэтхэм я докладэр иту **Котляровхэ Мариерэ Викторрэ** я тхыль тедзапІэм къыщыдэкІащ экземпляри 100 хэу тхылъ.

Конференцым хэтащ Къайсын и щыпхъу Мэрзият, ипхъу Жаннэ, и щхьэгъусэ Элизат сымэ.

МОТТАЕВЭ Светланэ.

● Футбол

ЦСКА (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:1

Урысей Федерацэм и Кубокыр къэхьыным теухуауэ екІуэкІ зэхьхьэхэм ипкъ иткІэ, дыгъуэпщыхь Мэзкуу щызэхэта зэІущІэм апхуэдэ бжыгъэ кьрикІуащ.

ДИ ЩІАЛЭХЭМ ящыщу топыр диГъэкІащ Къажэр Назир.

ЦСКА-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» зэрызэдзджэгуам теухуа тхыгъэ газетым тетынущ.

ЖЫЛІАСЭ Заур.

ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэм и дыщэ бжаблэр

Тхьэр зыхуэупса

КУЛИЕВ Къайсын Шува и къуэр Шэджэмыщ ыкъ дэс балъкъэр хъуажэм 1917 гъэм щэкIуэгъуэ маззм и 1-м къыщалъхуащ. Къайсын ильэсит1 ирикъуатэкъым и адэр дунейм щехьжам. «Зи адэр зыщхьэщымытыж бынуатъэушхуэр ди анэм диIащ, жыIэм дригъэхъуэпсакъым, цIыхуэгъэм дыхуиущиящ, ди льэпкъ хабзэхэм дыщIиплкIащ», - итхыгъащ усакIуэм. ЩIалэ цIыкIу ныбжьым итт ар, бгырыс цIыхухъум и �IэнатIэ мытынышм щеувэлIам.

Къайсын ефэжьи щыщIидзар Шэджэм Ищхьэрэ къуажэм дэт школырщ. Ар кIыуиз нэужь, Луначарскэм и цIэр зезыхьэ Театр институтым щIэтIысхьащ. Литературэ институтми (Москва) щеджащ - 1935 - 1939 гъэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэр рединститутым зы илъэскIэ литературэмкIэ щригъэджащ, 1940 гъэм дзэ кIэлыкIым хьыкIащ, 1941 гъэм кIыщыщIэдзауэ Хэку зауэшхуэм хэтащ, абы уIэгъэ хьэпсэ зыбжанэрэ щыхъуащ. Зауэм щызэриухьа IыгъэкIэ Къулиев орден, медаль бжыIэхэр къыхуагъэфэщащ. Зауэ ноужьым, 1956 гъэ пщIондэ, Къайсын Къыргызыз Республикэм щыпсэун хуей хъуащ - я хэкур ирагъэбгына нэужь, балъкъэрхэм я нэхъыбэм аращ екIуэлаIэ яхуэхъуар. УсакIуэм и нэгу щIэкIащ лей зытехьа льэпкъ хейм ирагъэшэча хьэзабэр, игъэнэхуащ и льэпкъэгъэм я натIэ хуэ гукъэутэгъуэр, ар къыхоущыж абы и усыгъэ куэдым.

Хэкум къигъэзэжа нэужь, Литературэ курс нэхъыщхьэхэм (Москва) щеджащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэмяI я союзым и правленэм и унафэщIхэм ящыщ зыуэ щытащ, жылагъуэ Iкъухэм жыджэру хэтащ, ди республикэми СССР-ми я Совет Нэхъыщхьэхэм я депутату зыбжанэрэ хахащ.

Хэку зауэшхуэм щызэрихьа IыгъэмрэкIэ ралым и пащхьэм щиIэ фIыщIэмрэ папщIэ Кулиев Къайсын къратащ Ленин орден, Хэку зауэшхуэ орденым и I, II нагъыщэхэр, Гуащ1дзэкIым и Бэракъ Пльыжь орденит1, медаль льапIэ куэд.

Къайсын и усэ тхыльхэм папщIэ къыхуагъэфэщащ РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр («Мывэ уIэгъэ», 1966 гъэ), СССР-м и Къэрал саугъэтыр («ЩIым и тхыль», 1974 гъэ), Ленин саугъэтыр (усакIуэ дунейм ехьажа нэужь, 1990 гъэ). Къайсын 1967 гъэм къыфIащауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз усакIуэ цIэ льапIэр.

УсакIуэр 1985 гъэм мэкъауэгъуэ маззм и 4-м дунейм ехьажащ.

Кулиев Къайсын и усыгъэхэр балъкъэр литературэм и льагапIэщ, усакIуэ щэджащэм хуэзэфIэкIащ льэпкъ литературэм и цIэр дуней псом щигъэIун, ар гъэгъэнащIэ тригъэзэн; балъкъэр литературэм фащэщIэкIэ зиугэздамэ, и гуащIэр кьебл эзпытрэ зиужьмэ, ар, псом ятэрауэ, зи фIыщIэр эзчий абрагъуэкIэ Тхьэр зыхуэупса, гъащIэмэ эмэнымрэ я пэжыпIэр куууэ къыщIэзыгъэлъэфа усакIуэ уахътыншэ Кулиев Къайсынщ.

*Къайсын и ятэ усэ тхыльыр 1940 гъэм къыдэкIащ. Абы къыкIэлыкIуащ Къайсын и усыгъэхэр щызэхуэхьэса тхыль куэд - «Гъыхэр» (1957), «Си гъунэгъухэр» (1957), «Гъаварэмрэ гуащэ набдзэмрэ» (1957), «ЩIымрэ уэрэдымрэ» (1959), «Лсей щхьэнтIэхэр» (1963), «Мывэ уIэгъэ» (1964), «Зейм и хъугъуэ», (1969), «ЩIым и тхыль» (1972), «Гъэм и зэманхэр», «Ахъшэм» (1975), «Гъаруасэ. Нобэ» (1977), нэгъуэщIхэри. Къайсын и кIэлапмыпэм къыщIэкIащ «ЩIымахуэ» романыр, повестхэр; гукъэкIыжхэр, литературэм, щэнхабзэм, гъуазджэм теухуа тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щызэхуэхьэсащ «Жыгри апхуэдэуэрэ мэкI» тхылъым (1975).



КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ. *Налшык псыхъуэ, 1967 гъэ*

Къайсын

КIЫЩОКЪУЭ Алим

Зы лэгъупыкъум и кIапитIыр
Дэ тIум тIэщIэтэу дыкъэхъуащ.
Ди ШэджэмыпсымкIи и IуфитIыр
Адэ унапIэ дэ тхуэхъуат.
Ди жэщи махуи тIумэ зыуэ,
Зы гузэвэгъуэщ дэ диIар.
Ди натIэ хъумкIэ дыарэзыуэ,
Дэ тщыгъупщакъым къыджаIар.
Къыщыхъум зауэ, дист зы абгъуи,
Зы гъуэгу дэ тIури дытехьащ.
Дыкъащтэу тщIакъым зыми кIэбгъуи,
Гугъуехь тхуэфащэр тIуми тхьащ.
Кърым дыщыIэу сэ сощIэжыр
БгъуэнщIагъ дыщIэсу дыщыгъар,
УIэгъэ птельу льы къыпщIэжыр
Къыбдалъагъуну уи гугъат.
Уи лъэпкъ лъэужьыр пхууэ лъэсу
Пхъэ лъакъуэр пIыгъыу гъуэгу уежьат.
Арт уи насыпыр зыдынэсыр,
Уэ нэщхьеягъуэм упежьат.
Зэкъуэщщ жедгъэIэу, дымыхамэу
Ди зэушынагъэм куэд щIэтащ.
Пшэр къешэкIауэ мазэр кьамэу
Уэ тIум ар Iэщэу къыдатащ,
Ди Iуащхьэмахуэр - ар зы Iуащхьщ.
ЩIхьитI пыту льагъэу урелъагъу.
Дыгъэпсыр хуадыр джанэ Iэщхьэу
Абы хуэдизыр зи инагъ.
Уэ лъэпкъым щIыхьыр хуэзэIоущэ,
Абы хуэдизи кьыбогъэжъу.
Илъэсым яшIэр махуэм уоущэ,
Аращ щIыпхъатхыр нобэ хуэхъэу.
Дэ зы уэрэдым и дамитIу,
Зы фоч зэгуэту дызэкъуэтщ,
Зы къамэ закъуэм дыридзитIу
Дэ лIыгъи щIыхьи дымыгуэш.
Дышущ, тхуэфащэ дыкъынкIуэтым?
Сыхъуэм мафIэ, сыкъыхъэх.
Тотъкъуным гъагъэ зыкъинIэтым,
Ди гущхьэ дыдэм щотIысэх.

Ей щIы фIыщIэжь, сыту куэд бгъэшкIуэр уэ, зыри къомыду, уи метр тIурытIым фIэкIи яIуумыгъэсу. ИтIани, угущIегъэшIу жысIэжкым. Уи хабзэм ткIийуэ утетыж къудейм: дыкъыщIэкIри дызыхъыхьэкри уэращ.

АтIэ дыгъуасэ хуэдэтэкъэ балъкъэр льэпкъым и усакIуэшхуэ Кулиев Къайсынми гуфIэжу кьыщытхтар. Нэхъыкъэмэ я ныбжьэгъут, нэхъыщIэхэми ди ныбжьэгъут ар. Дэтхэнэми епсэльхьI ищIэрт.

Сэ сащыщакъым усакIуэ цIэрыIуэм ятэ и ятIэрыту, ар къэзыухъуреихьу щытахэм. Ауэ фIыуэ сцIыхуу щытащ жысIэми, щIыпIэ сымыхъуи си гугъэщ. АбыкIэ хуитыныгъэ кьызет Къайсын и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуауэ сэ стха очеркэр радиоми кьызритам, газетхэми кьызэрытехуам, «Вагъуэбкl» елэжу адыгэбзэкIи урысыбзэкIи Налшык кьыщыдэкIа си тхыльхэми зэритым.

Акъыл зиIэм акъыл къельыхъуэ

Бжьэкэр фом зэрепщIым ещхьу, Къайсын сыт щыгъуи щIыхур къепщIэкIыпт. Ари ауэ сыгъи щIыхуу къыдэгуэкIхэр мыхъуу. Бжьэм ещхьу лэжьэрей, бжьэм кьыдат Iэфlыгъэм хуэдэу, зи псэхэр Iэфlагъэ гуапагъэкIэ гъэщIа щIыхуу ягельыджхэр. Ар щIыжьыслIэр Къайсын и щIэр псалъэ дыгъэлъхэмкIэ згъэщIэрэщIэну си мураду арамкым. Кулиевыр абы хуэныкъуэкъым. Фор фошыгъуэкIэ бгъэIэфIыным зэрыхуэмыныкъуэм ещхьу. Си нэгу щIэкIар. Къайсын сэ дэслъэгъуар жыс-Iэмкиу арац.

АКЪЫЛ зиIэм акъыл къельыхъуэ, жыхуаIэм хуэдэт а цIыху Iэзэр, щIэныгъэшхуэрэ акъылыщхуэрэ зыгбгъэдэлъыр. Армыхъу Хэку зауэшхуэм ипэкIэ Москва щеджа (А.В. Луначарскэм и цIэкIэ щыIэ Iатар институтым щIэсащ), цIыхушхуэ Iэджэм яхуэзэу щыта кьудей мыхъуу, ныбжьэгъу яхуэхъуа, зи цIэр къэрал псом фIыкIэ щыжаIэу, дуней псом щыцIэрыIуэ уэсакIуэшхуэхэм, тхакIуэшхуэхэм, щIэныгъэлIхэм я щытхъу псалъэхэр зыIытыху щыта Кулиевыр аргуэру еджэну Москва щхьэ кьэкIуат 1956 гъэм?

КьэкIуа щIыжьысIэращ.

Илъэс пщыкIуи ятэкIэ Сталинымрэ абы и сталинэгъуэмрэ зи пашэ партым зэрихьа леишхуэр Алыхь Iэмыркlэ - мыр нэгъуэщI кьыскхуэтыхтэнукъым, сыту жыпIэмэ, Сталиныр яхэмытыжу и пэжьэгъуэхэмрэ ахэр зи пашэ парт дыдэмрэ я льэхъэмэ щIыпIэр - гьэзэкIуэжа хъуат: фочыпэрэ автомат пащIэкIэ щIэIунщIэуэрэ зи тлъахэм ирахуауэ щыта льэпкъхэр. Алыхьым гущIегъу кьаухуащIри, я Хэкум кьагъэзэжьыну хуит хъужат. Абыхэм ящыщт балъкъэрхэрэри. Абыхэм ящыщт а льэпкъым и бын Къайсынми. Ар Къыргызыбзым кьинкIыжри, Москва еджакIуэ кьэкIуат.

Ми насыпт кьрихьэжьынумэ, Тхьэм и нэфI кьыпщIыхуамэ - кьудрэ?! Сэри а гъэм сыщIэсат Къайсын еджакIуэ кьыздэкIуа Литературэ курс нэхъыщхьэхэр зэгъэщIылIа институтым.

Зи цIэм фIэкIа зи щхьэр иджыри кьэс сымылъэгъуа усакIэущхуэр езыр ятэ кьысщIэупщIащ. Студентхэри Курс нэхъыщхьэм щIэсхэм я нэхъыбэри дыщыпсэур Переделкинэм щыIэ общежитэрат. Еджэн щIэдзэжа щыкIэтэхъыми, махуэ-махуэрэ кьыттхуэнэжам дыщхьэхуитт. Мис абы щыгъэщI сэ ятэ дыдэу Къайсын щысщIыхуар.

И цIэр щыщыкIэкIэ, и адэцIэри щыизгъуныр занщIэу пиупщIащ:

- Зи адэм и цIэр щыжаIэкIэ, и адэцIэри къыщIаГъуу зэхэпха?

- Хьэуэ.

- Сэри зэхэсхакъым-тIэ.

Си ныбжьым къыщIэупщIэу жэуап щестыжьым:

- Уэ пхуэдэ кьуэ сиIэ хьуну щыгъащ сэ, - жиIащ. - Араща...

Илъэс зыплIытху зи ныбжь и къуэ цIыкIу Елдар сригъуэщ нэхъыжьым хуэдэу, Къайсын сигъэгушхуэу, мис мо зи пугъу сщIа цIыхушхуэ кьепщIэкIаIэр сигъэщIыхуу, сакъригъэцIыхуу сызыщIигъэгъауащ. Абы и фIыгъэкIэ нэIуасэ схуэзыгащ Гамзатовым, Аким и Расул Гамзатовым, Расулым, Аким и Расулым, Аким и Расулым, Аким и

зыгъэбжьыфIэ пшыналъэ телъыджэ 90

ГУЛЫТЭ

Апщ1ыхЬэщхЬэР сигу ихужьныкъуэм итащIэкIэ. Фокладэ мазэр и кIэм нэблэгъаги, Акъсу псыхьуэм и джабэм кIэрыт жыгхэм я пщIакIэм плъыжь-гъуэмкIэ хъуэу щIидзат. Псы Iуфэм дыIутэрэ дыздэкIуэм, щIэхыщIэ хыуэрэ дыкъэувыIэрт. Джабэм къыщхъэщыт мазэм хуэдэпсейуэрэ, Къыбсым щым хъурт, итIанэ къызыщIипхъэутырти, зы псалъэ жиIэрт:

- Мы псыхьуэ джабэр зэрыдахащэр пльагъуркъэ! Мазэм зэщIигъэнжауэ!

Москва хъэщIэ къикIын хуейти, абыхэм япэплъэрт Къыбсым, ахэр Шэрэдж псы хъуэ щигъэхьэщIэн мурад иIэти, Iуртуев Сэлихь дежи чэнджэщакIуэ дежьауэ арат а пщыхьэщхьэм. «Сэлихь апхуэдэкIи лъэрызехьэщ»,- жиIащ Къыбсым. Сэлихь ШэрэдЖ районым къыщыдэкI газетым и редакторт абы щыгъуэ, Акъсу щыпсэурт.

Сэлихь дэмысу къыщIэкIащ - лэжьапIэм кынкIыжтэкъым. Ди ныбжьыгъуэ усакIуэм и гъунэгъуэм дыкъаувыхъащ, къуажэм дыкIадогъэкIыжакъым - драгъэблэгъащ.

Бысым тхуэхъуа уэнэм цыхур щIэз къэхъащ. Зэрихбэзэти, Къыбсым хъыбар куэд яхуиIуэтащ абыхэм, нэщхъыфIэу, уэршэру яхэсащ. Хьулами Бызыбиджыкий игу кынгъэкIыжащ. Акъсу дэсхэм я нэхъыбэр Хьуламбызыбиджы псыхьуэм кыдэкIащ. Гуп яхэхуамэ, усэ къеджэн фIэфIэткъым Къыбсым, ауэ пасэрей уэрэдыжь кыхадзамэ, ядежьурт, есыгъ жиIэрт. А пщыхьэщхьэм жиIащ уэрэд, и нэр зэтрипIарэ абы пкъырыгупсысыхьу - ар зытеухуа хъыбарыр и нэгу къыщIитхъэ хуэдэ.

Жэщыбг хьуху дахэсащ бысымхэм, дыкъэтэджыжьа нэужь, дыкIрагъэшэжьи я мурадащ. Ауэ Къыбсым идакъым.

- Алим сэрэ мы псыхьуэм тIэкIу зыщыдтпльхьынущ,- жиIащ Къыбсым, бысымм фIыщIэ яхунщIри и бгъагъуркъэ, мазэгъэ жэщ дахэщ...

Акъсу дыкъыщежьэжри, Напшыкки къэхуэ къэдунэтIыжащ. Къыбсым Iуфэ щIидзэрэ, дыкъокIуэ. Сэ зэзэмызэщ псалъэ щыпсэдзыжьыр. Сигу къэкIыжри, сеупщащ: «УрысыбзэкIэ зэрадзэкIа «Фэщэ хъуныгъэ» усэр?» - жысIэри. А усэм куэд щыгъуазэтэкъым, Къыбсым и тхыльгъэ урысыбзэкIэ къыщыдэкIым дежи хагъэ хьэрт эткъым. Усэм сызэрыщIэупщIар и гуапэ хъуагъэнукъым Къыбсым. И Iэр ищIа фIэкI, жэуап кызитакъым. СызэреупщIам сыхущIегъуэжащ: мазэгъэ жэщ дахащэм арагъэнтэкъым Къыбсым и щхьэм ильэр.

«Фэщэхунытгъэ» усэр (сатыр пщыкIутIщ зэрыхьур) зытеухуар кэжур зрагъэбгынауэ щыта ди лъэпкым ишэ-ча хьэзабырщ.

«Уэсат» поэмэри урысибзэкIэ зэрадзэкIатэкъым а зэманым, «Лениным папщIэ бгырыс поэмэри» зэрытрадзэр абы и еянэ едзыгъуэр кыхуэтут: абы усакIуэр Лениным щоупщI ди лъэпкым кэытехьа лейр кызызыхIар сыт, жери. Апхуэдэ упщIэр зигу иримыхьыр куэдт абы щыгъуэ, ар Къыбсым и жагъуэ хьурт. УсакIуэр зэхэтщIыкIыгъ дэ, и гукъеуэр къыдгурыIуэрт, къыдгурымыIуэр нэгъуэщIт: къэралым щыщIэрыIуэ, пщIэ лъагэ щIидзэ зиIэ усакIуэм щхьэ къыпаубыдэ ар - и усигъэзэ я фIыпIэр?

НэгъуэщI псалъэмакъ кыхидзащ Къыбсым. Пастернак Борис и гугъу ищIащ, «Гамлет» щыщ пычыгъуэ гукIэ къеджащ. Къыбсым хэкур ирагъэбгынауэ Кыргызыстэм итIъэ пщыкIутIкIэ щыпсэуащ, и лъэпкъгъуэм яхэсу. Пастернаки хьэIупс хъуат абы щыгъуэ, Тбилиси даубыдауэ абы дэст. Куржы кьащIхьэм Шекспир и «Гамлетыр» урысибзэкIэ щызэрадзэкIащ Пастернак.

Бэлыхь хадзаэр, зэрыхабзэщIи, нэкъ зэхуэгумащIэ мэхъу. Пастернак и щхьэ ирилытащ и хэкум пэIэщIа хъуа усакIуэр. Ар зэи щыгъупщакъым Къыбсым, игу кынгъэкIыж зэпытащ гуГъу щехьым къыдэщIа, къыдэпыкъуа урыс усакIуэхьэр.

Куливеир щIэрыIуэ дыдэ хъуат а зэманым, къэрал псом кышащIыхьурт. Езыми и псалъэмэ я пщIэр лъагэт. Абы щыгъуэщ Къыбсым и «Мывэ уIэгъэ» тхыльыр дуненым кышцытехьар - а тхыльым папщIэ Къыбсым М.Горькэм и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтыр къратащ. «Мывэ уIэгъэ» Къыбсым и творчествэм и фIыпIэщ. Урысыем и усыгъэм и гъагапIэхэм щыщIи. Долинск дыкъыщыщысыжам, нэхущ хъуакIэт. Къыбсым япэ иттти, кхъужьей жыг абрагъэр, щрихьэлIэм, къуэвыащ. Жыгыщхьэм нсбзухэм эрэзэ кэрашырт. «Дегъэдалуэ бзум я пшынальэм», - жиIащ Къыбсым.

Нэхущм пищI щыIакъым Къыбсым, жиIэрейт: нэху щыщым дежи щIыхьм и гур хэхуэ, гъэщIэр зэрыIэфIыр зыхещIэ.

Кхъужьей жыгым дыкъыбгъэдэкIыжри дыкъежьажьэ, Къыбсым зыкъригъэзэкIащ:

- Гете, Пастеранак, Твардовскэм я гугъу пхузощI гъэгу дыдэрытетрэ, ауэ си щхьэм имыкIыр Кязимщ. Ди Кязимщ! Абы и усыгъэ псори зэхуэхьэсыжа хуэдизым иджыри къэс, къыдэкIакъым, щIыхьр щыгъуазэкъым. Ар тхуэфащэ дэ?

Къыбсым и псалъэм сыкъыгъэуIэбжащ сэ. Езырат Кязим и усыгъэхэр урысыбзэкIи зэрызэрадзэкIар. КIэщIу жыпIэмэ, Мечиевым хуэфащэ псори иджыньауэ слъытэрт Къыбсым. Ауэ ар Къыбсым къысхуидакъым.

- Дыхуэмыхущ, хуэфащэ псор хуэдизмыкъым ди усакIуэшхуэм, - трикъуэзащ Къыбсым. - Зэманыр макIуэ, нэхъыжьхэр тхокIыж. Сэри зыгъэр схуэзэфIэкIагъэнщ - згъуэтыр зэхуэсхьэри къыдэзгъэкIащ. Иджы фэращ зи чэзыр. Сэ къыдэзгъэкIа къудейраКъым Кязим къызэринэкIар - куэдкIэ нэхьыбэ къытхуигъэнащ. Мечиевым нусауэ сатыр минищщ сэ сызыхуэсар. Шыхэм гукIэ яхъумэ абы и усыгъэ куэд - псори зэхуэхьэсауэ, къыдэгъэкIауэ лъэпкым и пащхьэ итIупхьажьи хуеищ.

А зэманым щэныгъэхуэтэ институтым сыщылажьэрт. Iуэхур си щхьэм къэсырт. Ауэ псом нэхърэ Кязим и Iуэхур зэрыиэхъыщхьэр а пщIэдджыжьым зэхызигъэщIэкIащ Къыбсым.

Мечиевым и усыгъэхэм я нэхъыбапIэр зауэм щыгъуэ мафIэм хисхьауэ щытащ, ауэдижьри урихьэлIэнут а усыгъэхэр гукIэ зыщIэ нэхъыжь гурыхуэхэм: абы и ужь нобэ уимыхьэнэ, пщдей кIасэ хьунут. Ди нэхъыжьхэр зырыз - тIурытIрэ дунейм ехьажьрт, арат Къыбсым щIэгъазэр.

Куливеим игу дгъэнжьауэ, Къыбсым абы и щынэжьыщIэхэм: Кязим и усыгъэ куэд зэхуэтхьэсыжьын тхуэзэфIэкIащ, ахэр тхыльитI хъууэ къыдэдгъэкIащ. Къыбсым мыхьуамэ, абы дыхунэмысыжьынри хэлът. Апхуэдэ гулыитэ иIащ Къыбсым. Ди усакIуэ щэджащэ Мечиев Кязим и усыгъэхэр лъэпкъым фIэмыкIуэдамэ, псом япэрауэ, зи фIыщIэр аращ.

Къыбсым и фэ изоплъ хьэзабэщ.

ТИХОНОВ Николай.
1957 гъэ

СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, адыгей тхакIуэ КIэрашэ Тембот дежи щохьэщIэ.
Мейкопыгъо къалэ, 1972 гъэ

Кулиев Къайсын СССР-м и Къэрал саугъэт къыщрата махуэм. Абы йохьуэхъу адыгэ усакIуэ щIалэ Семен Руслан.
Сурэтыр 1974 гъэм тракIащ

Къуршхэм я фэ изоплъ

Шэджэм псыхьуэ куэдрэ сыдыхьащ сэ, сигу кьинауэ си нэгу щIэт ээпытщ а псыхьуэ дахэр - абы къыщIхьэщыт къурш лъагэхэр, нэпкым къельэ псынэ Iэлхэр. Си нэгу щIэкIыркъым бгы лъапэхэм тет пасэрей чэщанэхэр. Шэджэм псыхьуэр зыми щIыпэзмыщIыр ар усакIуэ щэджащэм - Къайсын - зэрилъаэрщ. А псыхьуэрщ - Шэджэмыщхьэщ - Къайсын япэ лъэбакъуэр щичар, абы и япэ усэр дунейм къыщытехьар. Къуршхэм я фэ изоплъ Къайсын и усэхэм - къурш хуэдэ пкъыпIэщ ахэр, бгыщхьэм телъ уэсым хуэдэу къыбгъэщ.

ТИХОНОВ Николай.
1957 гъэ

Студент мымэжалIэ щыIэ?

Лъэпкъым зихъумэжьыфын щхьэкIэ, абы къыхалъхьха щIыхьхэр а лъэпкъым и къэкIуэнум хуэпащ. Апхуэдэ цIыхуу щытащ Кулиев Къайсын. Абы и усыгъэхэмм куууэ хэпщат лъэпкъхэм я зэхущытыкIэм хэлъ Iэфыгъэр гъэбыдэн зэрыхуейм теухуа гупсысэ жанэр. Къайсын лъэпкъ щIыкIым къыхэкIами, абы и гур гъунапкъэншэти, дуней псор къызэщIиубыдэфырт, къызэдиллъыхьами щилъэгъуаэр и акъыл жаныжкIэ зэгъэзэхуауэ лъэпкъ щэнхабзэм хилъхьэрт, щIэблэм и гъэсэныгъэм тхыдэ къуэпсхэмкIэ пищIэу.

Балъкъэр литературэм къыщIэхъуа тхакIуэхэр къапщтэмэ, Кулиев Къайсын лъэпкъым хуищIам хуэдизу зыми хуэзэфIэкIыжыкIи.

ДэтХЭНЭ усакIуэшхуэми и гъащIэ гъуэгур зэрыгугъусыгъум

Iэ ещхьу, абыи бзылъхьэ куэд игъэващ: зауэ лыгъэми къелащ, ирагъэкIауэ ихьа илъэсхэми и псэр мыжэщIу къэнащ, иужькIи гъащIэ тынщыгъуэ иIацкъым.

Сэ сызэрегупсысымкIэ, Къайсын усакIуэшхуэ щIэхъуар гъащIэ гъуэгум щигъэва гугъуэхь куэдыр акъылкIэ зэригъэзэхуэжьыфу, абы дерс къыхихыу зэрыщытартщ.

Арауэ къыщIэкIынщ зауэ гъуэгуанэм къигъэщIа усэхэр гум ешыжьмIэу икIи гъащIэм и лъэхъэнэ ткIийм къыпэщIыгт къалэнхэм урагъэгупсысыжу щIыщытыр. Къайсын и зэчийр къуленигъэ мыкIуэщIыжу зэрыщытым ещхьу, езырми цIыхуу лъэпкът, жумартыгъэ ин хэлът. Дэ, щIалэгъуалэр, куэдрэ дыхуэзэрт Къайсын. ДыхуэзэхукIи ди Iуэху зэрыщытым, тхэнымкIэ къыдэхъулIэхэм щIэупщIэрт.

Псом хуэмыдэу гукъыдэ ди Iэщ дэ, Мэзкуу щеджахэм, Къайсын хъэщIэщ зыщIэхъум дишэрэ къыддэуэрщэру, дигъэгушхуэу икIи ерыскъыи Iэнэ къытхуищтэу зэрыщытар. Укытгъэм хуэзтхэрэ дымымэжалIэ хуэдэу зытщIамэ, ар дыкъэшырт: «Студент мымэжалIэ щыIэ?» - жиIэрт.

Сэ сынэхъ лъагэщ, сынэхьыфIщ уэр нэхърэ жиIэу Къайсын зэи дэплъагъунутэкъым, апхуэдэ хьэли хэлътэкъым. Сабийм дэсабийт, щIалэм дэщIалэт, нэхъыжьым дэнэхъыжьт...

Кулиев Къайсын нобэ къытхэтыжатэмэ, абы и ныбжьыр илъэс бгъуэщ ахъунэ и лъэхъэнэ ткIийм дэкIуэнт дыдэ ди Iуэху нэхъ зыхуей хуэзэнут.

Ауэ сыщIэупщIа: «Студент мымэжалIэ щыIэ? - жиIэрт. Ди абы дыхуэзэрэзэщ икIи и пщIэр зэрыгугъэкIкIэ зэрытетэныныр дыкъэту и тхыгъэ къэщIэнар доГъэлъапIэ.

Къайсын щыIуэ ин щIалэгъуэ, жиIэ. Ди абы дыхуэзэрэзэщ икIи и пщIэр зэрыгугъэкIкIэ зэрытетэныныр дыкъэту и тхыгъэ къэщIэнар доГъэлъапIэ.

Къайсын щыIуэ ин щIалэгъуэ, жиIэ. Ди абы дыхуэзэрэзэщ икIи и пщIэр зэрыгугъэкIкIэ зэрытетэныныр дыкъэту и тхыгъэ къэщIэнар доГъэлъапIэ.

ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн,
«Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ.

Цыхуэ къызэрыгуэкI

УРЫС усакIуэшхуэ Твардовский Александр щхьэкIэ мыпхуэдэ псалъэ жиIауэ щытащ Къайсын:

«Ар цыхут, цыхуитхуэ дыдэт, зи гущIэм жыпIэ пщтыр щыIбэ усакIуэ щIэжащт – за-

къуэтIакъуэщ апхуэдэ фIыгъуэр зи натIэ хъур». А псалъэхэр хуэхущIи хъунущ езы Къайсыни. Куэд кынгъэщIакъым абы, ауэ и лъэпкымрэ Кавказымрэ я щIэр дунейм щитхьIуэн хуэзфIэкIащ, езыри цIэрыIуэ дыдэ хъуауэ усакIуэ кьалэмыр ЭщIэхуащ. ЦIэрыIуэ хъунуи щIэхъуакъым ар - и уэсмрэ и цIыхугъэмрэщ а щIыхьыр кьыхуэзыхьар.

Къуршыпс Iэлым и даущыр зэи щымыжьыкъ ШэджэмыщхьэкIыщащ. Ар, и сабингъуэр абы щигъэжIауэ, ящ. зыIабкъуэр щичащ, и гущIэм къыщIыуша япэ уэсри аращ дунейм къыщытехьар. Бгырыс щIалэ щIыкIыр, и щIыкъ нэсри, дуней псом щыщIэрыIуэ усакIуэ хъуащ, ауэ ар и напщIэ эи теIыакъым Къайсын. Айтматов Чингиз зэрыжиIэтащи, ар щIыхь

къызэрыгуэкIыу тетащ дунейм, цIыхум, и лъэпкъым защыхьIэтыкI къэхуакъым. И цIыхугъри и Iыгъэри эдхъащ Къайсын, и щIыхьгъэмрэ абы и усэм гущанIэ хуэхъуар, и щIэр зыIэтар.

Езыр кызыхьэIа лъэпкъым и закъуэтэкъым Къайсын зыгъафIэр.

Лъэпкъ псори и эхъуэдэт абы, дэтхэнэми и гум щыщIэр, и гуфIэгъуэр, и гупыкъуэгъуэр зыхищIэрт, дэтхэнэ цIыхури езым и щхьэм ирильытырт, сыту жыпIэмэ фIыуэ кьыгурыIуэрт: сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIамри, цIыху псори зэщхьщ - я гум щыщIэмкIэ, я фэм джIымкIэ. Арат Къайсын и щIэр щIэльагэр, ныбжьэгъу щIикъуэдыр, и щIэ фIыкIэ щIыжаIэр, и щIыкъыр щIэиныр, и щытхъур щIэмыужьыхьыр.

